ÓZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI BILIMLENDIRIW PÁN HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAĞI

QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI

«TASTÍYÍQLAYMAN»
Berdaq atındağı Qaraqalpaq
mámleketlik universiteti rektorı
_______ prof. A.Reymov
_______ 2023 jıl

# KÁSIPLIK (DÓRETIWSHILIK) IMTIXAN DÁSTÚRI HÁM BAHALAW KRITERIYALARÍ

**60210800-Ámeliy kórkem óner (kórkem gúlalshılıq) bakalavriyat tálim bağdarı «Qalemsúwret», «Kompoziciya» pánleri**

Nókis-2023

Dástúr universitet ilimiy-metodikalıq keńesinde kórip shıǵılǵan hám maqullanǵan.
____ __________ 20___ jildaǵı _____ sanlı jıynalıs protokolı.

**Dúziwshiler:** Kórkem óner kafedrası úlken oqıtıwshısı A. Ismailov
Kórkem óner kafedrası úlken oqıtıwshısı Z. Akimniyazov

**Pikir bildiriwshiler:** NMPI «Súwretlew óneri hám injenerlik grafika» kafedrası docenti PhD Ǵ. Mambetqadirov

QMU «Arxitektura» kafedrası docenti p.i.k. X. Alyaminov

## KIRISIW

60210800 -Ámeliy kórkem óner: kórkem gúlalshılıq tálim bağdarı boyınsha oqıtılatuğın pánlerdiń aktuallığı, jámiyetti demokratiyalastırıw hám bazar ekonomikası principlerı tiykarında reformalawdağı áhmiyeti ashıp beriledi.

60210800 -Ámeliy kórkem óner: kórkem gúlalshılıq tálim bağdarı boyınsha kásiplik (dóretiwshilik) imtixan dástúri hám bahalaw kriteryalarında bul jónelistiń kúndizgi tálim formasına oqıwğa kiriw boyınsha kásiplik (dóretiwshilik) imtixanlar tapsırmaların orınlaw hám olardı bahalaw kriteryaları tártibin belgileydi.

"Qálemsúwret", "Kompoziciya" pánleri boyınsha dúzilgen bul imtixan dástúri hám kriteryalarınıń quramalılığına qoyılatuğın talaplar tiykarlanıp qánigelestirilgen kórkem óner mektepleri hám de mektep-internatlarda oqıtılatuğın pánler hám dástúrlerinde belgilengen wazıypalardı óz ishine aladı.

Respublikamızda kórkem ta'lim salasında reformaların jáne de tereńlestiriw, maman qánigeler tayarlaw boyınsha, olardıń kásiplik qásiyetlerin rawajlandırıw, sonıń menen birge, abituriyentlerde dizayn tarawı túrlerinen kelip shıǵıp suwretlew kórkem ónerdegi kásiplik uqıp, ámeliy kónlikpelerdiń qálipleskenlik hám dóretiwshilik iskerlikke beyimlik dárejesin anıqlawğa qaratılğan.

### 1. Abituriyent bilimine qoyılatuğın talaplar.|.

1. 60210800-Ámeliy kórkem óner: kórkem gúlalshılıq tálim bağdarı boyınsha kunduzgi tálim bağdarına oqıwğa kiretuğın abiturienler kásiplik (dóretiwshilik) imtixanlardı "Qálemsúwret" hám " Kompoziciya" pánlerinen tapsıradı.

2. "Qálemsúwret" páninen Ósimlik formasındagı rozetka qatnasıdağı natyurmort stilistik fonda qóyıladı. Rozetka dağı ósimlik forması, plastikası tereń analiz etiliwi shart. Natiurmortti jaylastırıw procesinde átirap ortalıq inabatqa alınıwı kerek boladı. Buyımlar proporsiyası úlken hám kishi kólemli kórinislerge áhmiyet beriliwi kerek. Bunda dıqqatlılıq, náziklik hám joqarı estetik talğam talap etiledi.

3. Kásipiy (dóretiwshilik) imtixanda "Qálemsúwret" páninen ámeliy jumıstı orınlaw ushın 160 minut waqıt ajratıladı.

Kásiplik (dóretiwshilik) irntihanda abituriyent tárepinen orınlanğan ámeliy jumıs tómendegi kriterya tiykarında bahalanadı :

| N.d. | Imtixan tapsırmaları hám bahalaw kriteriyaları | Ball |
|---|---|---|
| | **Qalemsúwret páni boyınsha ámeliy júmıs** | **Jámi 63 ball** |
| 1 | Natiurmorttıń kompozicion jaylasıwı | 7 ball |
| | Proporciyalardıń durıs tabılıwı | 7 ball |
| | Rakurs kórinisiniń tabılıw dárejesi | 6 ball |
| | Úlken hám kishi formalardıń jaylasqanlıǵı | 6 ball |
| | Jarıqlıq hám sayanı isleniw sheberligi | 6 ball |
| | Tegislikke durıs jaylastırıw | 6 ball |
| | Rozetkadaǵı ósimliktiń formasınıń plastikasınıń tabılǵanlıǵı | 6 ball |
| | Rozetkanıń qorshagán ortalıq penen baylanısı | 6 ball |
| | Qálemsúwrette izbe-izliktiń durıs orınlanǵanlıǵı | 6 ball |
| | Qálemsúwrettiń pitkenlik dárejesi | 7 ball |

4. "Kompozitsiya" páninen abituriyent berilgen tema boyınsha tapsırmanı moylıboyaw, akvarel, guash, tempera, akrillardan birinde islewdi erkin tańlaydı.

Kompozilsiya ideyası, mazmunı, mánisi qánigelikke sáykesligi, kompozitsiya sheshimin tema tiykarında tabılǵanlıǵı, túrli geometriyalıq (sheńber, tórtmúyeshlik, úshmúyeshlik, tuwrımúyeshlik, altımúyeshlik) formadaǵı kórinislerden dúzilgen naǵıstı qaǵazǵa tuwrı jaylastırıw, kórkem hám ideyalıq sheshimdev qálem hám reńler jardeminde paydalanıw dárejesi, forma hám plastik sheshimin tabılǵanlıǵı, ámeliy kórkem óner qánigeligine sáykesligi, kompozitsion wazıypasındaǵı dóretpe tereńliginiń perspektiv sheshimi, kompozitsiya orayınıń durıs tabılǵanlıǵı, temanıń mazmunı hám ideyasın ashıp beriwde koloritdan paydalanılıwı, kompozitsiyada mazmun, ideyanıń sáwlelendirilgenligi hám tamamlanıw dárejesi sıyaqlı máselelerin kórsetip beriw talap etiledi.

5. Kásiplik (dóretiwshilik) imtixanda " Kompozitsiya" páninen berilgen tema ushın 160 minut waqıt ajratıladı.

6. Kásiplik (dóretiwshilik) imtixanda abituriyent tárepinen orınlanǵan ámeliy jumıs tómendegi kriteriya tiykarında bahalanadı :

| N.d. | Imtixan tapsırmaları hám bahalaw kriteriyaları | Ball |
|---|---|---|
| | **Kompoziciya páni boyınsha ámeliy júmıs** | **Jámi 93 ball** |
| 1 | Dúzilgen kompoziciyanıń qaǵazǵa durıs jaylastırılǵanlıǵı | 5 ball |
| | Kompoziciya ideyası | 5 ball |
| | Kompozitsiyanıń mazmunı hám mánisi | 5 ball |
| | Kompozitsiyani qánigelikke sáykesligi | 5 ball |
| | Kompoziciyada nızamlardan paydalanǵanlıǵı | 5 ball |
| | Jumıstıń kompoziciyon sheshimi | 5 ball |
| | Kompoziciyada naǵıslardan durıs paydalanǵanlıǵı | 5 ball |
| | Jumıstıń kompozicion áhmieti | 5 ball |
| | Kórkemlik hám ideyalıq sheshimi | 5 ball |
| | Reńlerden durıs paydalanǵanlıǵı | 5 ball |
| | Kompoziciyanıń durıs tabılǵanlıǵı | 5 ball |
| | Reńlerden paydalanıw sheberligi | 5 ball |
| | Kompoziciya orayınıń durıs tabılǵanlıǵı | 5 ball |
| | Kompozitsiyanıń quramalıq ik dárejesi | 5 ball |
| | Reńlerdiń uyǵınlıǵı | 5 ball |
| | Kompoziciyanıń isleniw sheberligi | 5 ball |
| | Kompoziciyadaǵı elemenlerdiń bir-birine qatnası | 5 ball |
| | Kompoziciyanı áshekeylew | 4 ball |
| | Kompoziciyanıń juwmaqlanıw dárejesi | 4 ball |

## 2. Kásiplik (dóretiwshilik) imtixan ótkeriw tártibi

60210800 -Ámeliy kórkem óner: kórkem gúlalshılıq tálim baǵdarınıń kúndizgi tálim formasına hújjet tapsırǵan abiturient keste tiykarında belgilengen kúnge ajıratılǵan waqıt dawamında kompozitsiyadan berilgen tema tiykarında orınlaydı. Qabıl komissiyası tárepinen qáliplestirilgen gruppalar kesiminde kásiplik (dóretiwshilik) imtixan arnawlı úskenelestirilgen auditoriyalarda ótkeriledi. Abituriyentler arnawlı tekseriwden ótkerilip, belgilengen tartip qaǵıydalarǵa ámel ete otırıp auditoriyalarǵa kiritiledi.

## 3. kásiplik (dóretiwshilik) imtixanlar nátiyjeler boyınsha apellyatsiya tártibi

Abituriyentler kásiplik (dóretiwshilik) imtixanlardıń nátiyjelerine kóre, nátiyjeler daǵaza etilgen kúnden baslap 24 saat ishinde universitet qabıl komiisiyasınıń apellyatsiya keńesine múrajat etiwleri múmkin.

Arzalar tek olardıń bahaları hám dóretiwshilik isleri menen baylanıslı bolǵan táǵdirde qabıl etiledi, biraq basqa abituriyentlerdiń dóretiwshilik jumısları tuwrısındaǵı shaǵımlar qabıl etilmeydi.

## QÁLEM SÚWRET PÁNI

**Wazıypa** : Ósimlik formasındağı rozetka qatnasıwında dúzilgen natyurmort.
Úlgiler:



## KOMPOZICIYA PÁNI

**Wazıypa** : Berilgen tema.
Úlgiler:











